

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

1.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu palungtikan nya éta hasil diajar maca dongéng ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif* ka siswa kelas VIIB SMP PGRI Tanjungsari Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2011.

Tabél 3.1
JUMLAH SISWA KELAS VIIB
SMP PGRI Tanjungsari

Jenis kelamin	Jumlah
Awéwé	19
Lalaki	17
Jumlah	36

1.2 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngécéskeun masalah anu baris dipedar dina ieu panalungtikan sarta pikeun ngaleungitkeun salah paham antara nu nulis jeung nu maca.

- 1) Modél Pangajaran Maca *Interpretatif* nya éta modél maca anu dimekarkeunana rancangan anu ngutamakeun interprétasi atawa ku sabab dilandasan ku asas-asas interprétasi. Konsép-konsép Modél Pangajaran Maca *Interpretatif* nya lima aspék, anu tuluy tumuluy nya éta: “rangkaian kagiatan

(*syntak*), sistem sosial kelas (*social system*), prinsip-prinsip réaksi, sistim penunjang jeung penerapan”.

- 2) Kamampuh Maca Dongéng nya éta patalina jeung kamampuh atawa pangabisa siswa dina maca dongéng anu satuluyna mampuh nyangkem eusi dongéng.

1.3 Méthode Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham jeung ngaréngsékeun masalah.

Koentjaraningrat (dina Yudiono, 1990:14) nerangkeun yén métode téh hartina cara gawé pikeun nyangkem hiji obyék atawa sasaran élmu anu silih lengkepan. Méthode dipilih dumasar obyék studi.

Méthode panalungtikan nya éta alat bantu pikeun ngalakukeun kagiatan panalungtikan ku cara direncanakeun, dilaksanakeun sarta ngolah data nepi ka nyieun kacindekan.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode éksperimén kuasi. Ieu métode digunakeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan nya éta héngréna kamampuh maca dongéng siswa SMP PGRI Tanjungsari kelas VIIB. Kamampuh maca dongéng siswa diukur dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus sempel panalungtikan dibéré perlakuan ku cara ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif*. Cara ngukur kamampuh siswa

anu dilakukeun saméméh perlakuan disebutna Praté, sedengkeun tés anu dilakukeun sanggeus dibéré perlakuan disebut Pascaté.

Léngkah-léngkah dina panalungtikan saperti ieu di handap:

- a) Milih kelas anu bakal dijadikeun sampel dina panalungtikan.
- b) Ngalaksakeun tés awal dikelas anu jadi sempel.
- c) Ngalakukeun pangajaran maca dongéng ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif*.
- d) Ngalaksakeun pratés atawa pascaté.
- e) Ngolah hasil pratés jeung pascaté nepi karéngsé.
- f) Ngitung rata-rata pratés jeung pascaté.
- g) Nguji hipotésis.

1.4 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pre-test and post-test group* anu digambarkeun saperti ieu dihandap.

O₁ X O₂

Désain panalungtikan *pre-test and post-test group*

(Arikunto, 2006: 85)

Keterangan:

- a. O₁:tés awal saméméh perlakuan (pratés)
- b. O₂:tés ahir sanggeus perlakuan (pascaté)
- c. X:perlakuan ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif*

1.5 Téhnik Panalungtikan

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ku cara téhnik tés, panalungtik bakal meunangkeun data panalungtikan tina hasil prosés diajar ngajar siswa. Data panalungtikan bisa dimeunangkeun ngaliwatan pratés jeung pascatéskasiswa. Tés anu digunakeun nya éta pratés jeung pascaté. Hasil pratésdigunakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh ngagunakeun model pangajaran maca *interpretatif*, sangkan guru bisa nepikeun matéri sacara éféktif. Sedengkeun pascaté digunakeun pikeun mikanyaho kamampuan ahir siswa sanggeus dibéré matéri (*treatment*) nu tangtu.

Tés anu dilakukeun tujuanna pikeun mikanyaho kaéféktifan modél pangajaran *interpretatif* kana ningkatkeun kamampuh maca dongéng. Tés dilakukeun dua kali nya éta pratés jeung pascaté. Siswa maca dongéng anu judulna geus ditangtukeun. Hasil maca dongéng dianalisis anu hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

3.5.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa hal anu kalintang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén pikeun ngumpulkeun data anu bener-bener dirancang jeung dijieun sarta diperlukeun.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén tés. Alat tés anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa tés pilihan gandaan jumlahna 20soal. Soal pilihan ganda ieu ngabogaan tujuan pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman, anu nilaina sacara obyéktof. Tés anu dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran maca nya éta pratés jeung pascatés. Pratés nya éta tés kamampuh awal saméméh siswa ngalaman prosés diajar ngajar. Pascatés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran maca saméméh meunangkeun perlakuan atawa “treatment”. Sedengkeun pascatés nya éta tés kamampuh sanggeus siswa diajar maca dongéng ngagunakeun modél pangajara maca *interpretatif*. Pascatés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeusmeunangkeun perlakuan “treatment”.

Modél tés anu dipaké nyaéta tés kasastraan katégori moody anu ngawengku tés kasusastraan tingkat informasi, tés kasusastraan tingkat konsép, tés kasusastraan tingkatpersepektif, tés kasusastraan tingkat aprésiasi. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan diantaranya nya éta:

3.5.2.1 Kisi-Kisi Soal

Kisi-kisi soal anu dipaké dina ieu panalungtikan tujuanana pikeun méré watesan ngeunaan instrumén tés anu bakal dibérékeun ka siswa. Kisi-kisi soal anu dipaké saperti ieu dihandap.

Tabél 3. 2
KISI-KISI INSTRUMÉNT SOAL

No	Unsur intrinsik	Informasi	Konsép	Persepéktif	Aprésiasi
1	Téma	1	1	1	1
2	Palaku	4	1	1	1
3	Latar	2	1	1	1
4	Amanat	1	1	1	1
	Jumlah soal	8	4	4	4
	Jumlah =				20 soal

3.5.2.2 Validitas Uji Instrumén

Saméméh ngayakeun panalungtikan, instrumén anu dipaké alat ukur téh kudu ka uji heula validitasna. Hiji instrumén disebut valid saupama bisa ngukur naon-naon nu hayang ditalungtik luyu jeung tujuan panalungtik.

Validitas mangrupa alat pikeun ngukur valid henteuna alat tés pikeun dipaké ngukur kamampuh siswa. Alat anu dipaké pikeun alat tés dina ieu panalungtikan mangrupa soal pilihan ganda, anu ngabogaan tujuan pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman, anu nilaina sacara obyéktif.

Tabel 3. 3
Validitas Tés / Instrumén

No soal		1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20
Jawaban		b	A	a	D	B	a	B	A	C	C	a	B	a	a	c	c	b	a	d	C
No	Nama																				
1	Abd. Azis	0	1	0	1	1	1	0	1	1	1	1	0	1	1	1	1	0	1	1	1
2	Ade R.	1	1	1	1	1	1	0	1	1	1	1	1	1	1	1	0	0	1	0	1
3	Ai Dianti	0	1	0	0	1	1	0	1	0	1	1	1	1	1	1	1	0	1	1	1
4	Andrian M.	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	0	1	1	1
5	Diyana	0	1	1	0	1	1	0	0	1	1	1	1	0	1	1	1	0	1	1	1
6	Eka N	0	0	0	1	1	1	0	0	1	1	1	0	0	0	1	1	0	1	1	0
7	Isan R	1	1	1	1	1	1	0	0	1	1	1	1	1	1	1	1	0	0	1	0
8	Rohati	1	0	0	0	1	1	0	1	0	1	1	1	0	1	0	1	0	0	1	1
9	Sarifah	0	1	1	0	1	1	1	0	1	1	1	1	0	0	0	1	0	1	1	0
10	Siti	0	1	1	0	1	1	1	0	1	1	1	1	1	0	0	1	0	0	1	1

	Nuryati																				
11	S Rohaeni	0	1	1	1	1	1	0	0	1	1	1	1	0	1	0	1	0	0	1	1
12	Tedi I	0	1	1	1	1	1	1	0	0	1	1	1	1	1	1	1	0	0	1	1
13	Uci Sanusi	0	1	1	1	1	1	0	0	1	1	1	1	1	1	1	1	0	1	1	1
14	Yoeda F	0	0	0	0	1	1	1	0	1	1	1	0	1	1	1	1	0	1	1	1
15	Yuyun p	0	1	1	0	1	1	0	0	1	1	1	1	1	1	1	1	0	1	1	0
	Validitas	0,33	0,66	0,38	0,42	0	0	0,09	0,39	0,04	0	0	0,56	0,72	0,55	-0,25	-0,26	0	0,31	-0,26	0,91

Patokan pikeun nangtukeun tingkat validitas instrumén panalungtikan, digunakeun kritéria saperti ieu di handap.

- a. 0,00-0,20 = teu aya korélasi (alat tés teu valid)
- b. 0,21-0,40 = korélasi handap (validitas handap)
- c. 0,41-0,70 = korélasi sedeng (validitas sedeng)
- d. 0,71-1,00 = korélasi luhur (validitas luhur)

Saréngsena uji coba dilaksanakeun, kabuktian yén masih aya kénéh soal-soal anu can valid diantarana nya éta soal nomer 5, 6, 7, 9, 10, 11, 15, 16, 17, jeung 19. Soal anu tingkat validitasna handap nya éta soal nomer 1,3, 8 jeung 18. Soal tingkat validitas sedeng nya éta soal nomer 2, 4, 12 jeung 14. Sedengkeun soal anu tingkat validitasna luhur nya éta soal nomer 20 jeung 13.

Lantaran aya kénéh soal-soal anu can valid, nu nulis ngayakeun révisi sangkan soal anu bakal diujikeun leuwih hadé.

3.5.3 Téhnik Ngolah Data

Pikeun mikanyaho kabersihan dina prosés pangajaran maca dongéng dina bagian ieu bakal dipedar kumaha carana ngolah data tina hasil pangajaran anu geus dilakukeun. Léngkah-léngkah dina nganalisis data diantarana:

3.5.3.1 Méré Peunteun Maca Dongéng

Pikeun nangtukeun jumlah skor maca siswa, digunakeun pedoman meunteun ieu dihandap.

Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal maca siswa nya éta 30. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{sekor anu kahontal}}{\text{sekor ideal}} \times 100\%$$

Sangkan leuwih écés, skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu dihandap.

Tabél 3. 4
SEKOR TÉS KAMAMPUH MACA DONGÉNG SISWA

NO	wasta	A	B	C	D	Σ	P	%	KATÉGORI
1.									
2.									
3.									
4									
5									
6									
7									
8									
9									
10									

Katerangan:

A=Informasi

B= Konsép

C=Persepéktif .

D=Aprésiasi .

Σ =jumlah sekor

P=peunteun

Katégori= presentase > 65, siswa dianggap **mampuh** maca dongéng.

Presentase < 65, siswa dianggap **can mampuh** maca dongéng.

3.5.3.2 Uji Sipat Data

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénotas.

3.5.3.3 Uji Normalitas

Tujuan diayakeun uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu ngagunakeun rumus(x^2).

Pikeun nangtukeun uji normalitas, léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nyieun tabél frekuensi peunteun

Tabél 3. 5
TABÉL PREKUÉSI PEUNTEUN

Skor (x)	F	f.x	f.x ²

- a) Ngitung rata-rata (mean) peunteun pratés

$$\bar{x} = \frac{\sum fx}{N}$$

- b) Ngitung standar déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{\sum(fx^2) - (\sum fx)^2}{N(-1)}}$$

- c) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3. 6
FRÉKUÉNSI OBSÉRVASI JEUNG FRÉKUÉNSI ÉKSPÉKTASI

Kelas	O _i	B _k	Z	Z(tabél)	L	E _i	X ²

(1) Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(2) Ngitung rentang (r)

$$r = \text{skor pangluhurna-sekor panghandapna}$$

(3) Ngitung panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

(4) Ngitung Z

$$Z = \frac{bk - \bar{x}}{SD}$$

(5) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{\text{tabel}}$$

(6) Ngitung frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = L \times N$$

(7) Nangtukeun chi kuadrat (χ^2)

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(8) Nangtukeun derajat kabébasan

$$db = k - 3$$

(9) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu dihandap.

$\chi^2_{\text{itung}} < \chi^2_{\text{tabel}}$ hartian distribusi data normal

$\chi^2_{\text{itung}} > \chi^2_{\text{tabel}}$ hartian distribusi data teu normal

3.5.3.4 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogénhenteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat*.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok pratés jeung pascatés.

- Variabel x pratés

$$\Sigma fx^2 = \dots\dots\dots$$
$$\Sigma (fx^2) = \dots\dots\dots$$

- Variabel x pascatés

$$\Sigma fx^2 = \dots\dots\dots$$
$$\Sigma (fx^2) = \dots\dots\dots$$

2) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok.

- Variasi pratés (SI^2)

$$SI^2 = \frac{n \Sigma x^2 (\Sigma x)^2}{n(n-1)}$$

- Variabel pascatés ($S2^2$)

$$SI^2 = \frac{n \Sigma x^2 (\Sigma x)^2}{n(n-1)}$$

3) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi f

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

4) Ngitung db

$$db_1 = n-1$$

5) Nangtukeun f tabél

Nilai f tabél kalayan ngagunakeun tarap kapercayaan 95% db 39 maka kapanggih yén nilai f tabél nya éta 2,14.

6) Uji Homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap

$f_{itung} < f_{tabel}$ hartina variasi sampel homogén

$f_{itung} > f_{tabel}$ hartina variasi sampel teu homogén

3.5.3.4 Uji Gain

Dilakukeun uji gain nya éta dilakukeun pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascaté. Tina hasil uji gain ieu, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana modél pangajaran *interpretatif* kana kamampuh maca dongéng. Pikeun nangtukeun uji gain, baris ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.8
UJI GAIN(d) TINGKAT KAMAMPUH MACA DONGÉNG NGAGUNAKEUN
MODÉL PANGAJARAN *INTÉRPRETATIF*

NO	Praté	Pascaté	Σ	d	d ²

3.5.3.5 Uji Hipotés

Pikeun nagtukeun uji hipotésis, léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascaté

Tabél 3. 9
TABÉL UJI JUMLAH RATA-RATA PRATÉS JEUNG PASCATÉS

No	Pratés	Pascatés	D	d ²	Xd (d-md)

2) Nangtukeun mean tina béda pratés jeung pascatés kalayan ngagunakeun rumus.

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

3) Derajat kabébasan (db) kalayan rumus

$$db = n-1$$

4) Ngitung t kalayan rumus

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$